# Жынаятшылық ҳәм коррупцияға қарсы гүресиўге ҳәм әдил судлаўды тәмийинлеўге бағышланды

Бәршемизге белгили, бүгинги күнде елимизде ҳүрметли Президентимиздиң басшылығында әдил судлаўды тәмийинлеў, жынаятшылық ҳәм коррупцияға қарсы гүресиў бағдарындағы илажлар жаңа басқышларға көтерилип бармақта.

Ҳақыйқатында да, соңғы жыллары елимизде суд ҳәм басқа тараўларда алып барылып атырған түпкиликли реформалар, нызамшылыққа киргизилип атырған қосымша ҳәм өзгерислер өзиниң унамлы нәтийжесин бермекте.

Image not found or type unknown

Усы жылдың 30-июнь күни Ҳүрметли Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтиң басшылығында елимизде әдил судлаўды тәмийинлеў ҳәм коррупцияға қарсы гүресиў бағдарындағы ўазыйпаларды додалаўға арналған видеоселектор мәжилисинде бул бағдарда әмелге асырылып атырған жумысларды және де жеделлестириў бойынша анық ўазыйпалар белгилеп берилген еди.

Image not found or type unknown

Мине усы мәжилис протоколында белгиленген тапсырмалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Олий Мажлис Сенатында дүзилген исши топар тәрепинен Қарақалпақстан Республикасында жынаятларды жылаўлаў, жынаятшылық профилактикасын және де жетилистириў, әдил судлаўды тәмийинлеў ҳәм коррупциядан жырақ аймаққа айландырыў бойынша 70 бәнттен ибарат, 13

жөнелис бойынша “Жол карта”сының жойбары ислеп шығылған.

Image not found or type unknown

12-ноябрь күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде усы «Жол карта»сын додалаўға бағышланған мәжилис болып өтти.

Илажда Олий Мажлис Сенаты ҳәм исши топар ағзалары, Жоқарғы Кеңес депутатлары, ҳүкимет ағзалары, ҳуқуққорғаў уйымлары, тийисли министрлик, шөлкемлердиң басшылары ҳәм ғалаба хабар қуралларының ўәкиллери қатнасты.

Image not found or type unknown

Мәжилисти Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов кирис сөз бенен ашты.

Буннан соң Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Сенатының Баслығы Т.Нарбаева сөзге шығып, ҳүрметли Президентимиздиң басшылығында Қарақалпақстан Республикасын социаллық-экономикалық раўажландырыў, халықты қыйнап киятырған машқалаларды шешиў, турмыс дәрежесин жақсылаў бойынша алып барылып атырған ийгиликли ислерди, сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасын 2020-2023-жылларда комплексли раўажландырыў бағдарламасы ислеп шығылғанлығын  айрықша атап өтти. Соның менен бирге, елимизде әдил судлаўды тәмийинлеў, коррупцияға қарсы гүресиў, жынаятшылықтың алдын алыў бағдарында алып барылып атырған илажларға тоқтап өтип, жынаятшылықтың ерте алдын алыў бойынша ҳуқыққорғаў уйымлары менен биргеликте басқа да мәмлекетлик уйымлардың жуўапкершилигин арттырыў, системада жүзеге келген машқалаларды сапластырыў бойынша ўазыйпалар белгилеп берди.

Буннан кейин сөзге шыққан исши топар ағзалары «Жол карта»сында белгиленген ўазыйпалар бойынша толық түсиник берип, өзлериниң пикир-усынысларын билдирип өтти.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң баспасөз хызмети

М.Ҳабибуллаевтың түсирген сүўретлери